

PRAN YON BREK

POU PRAN SWEN TÈT OU

GLIKOZ WO NAN SAN (IPÈGLISEMI)

Gen anpil bagay ou ka fè pou ede kenbe tèt ou an sante avèk dyabèt.



Yo rele glikoz wo nan san (sik nan san) tou ipèglisemi, ki rive lè gen twòp glikoz nan san ou. Avèk le tan, li ka lakòz pwoblèm sante grav.

Kòz yo

Glikoz wo nan san ka rive si ou:

- Rate yon dòz ensilin oswa lòt medikaman kont dyabèt
- Si ou mwens aktif ke dabitid
- Manje yon fason diferan oswa plis pase sa ki te prevwa
- Ou anba estrès oswa ou malad

Glikoz wo nan san ka rive tou amezi dyabèt ou chanje avèk le tan.

Siy ak Sentòm yo

Men sa ki ka rive lè glikoz nan san ou wo:

Trè swaf




Bezwen pase pipi plis ke dabitid



Trè grangou



Anvi dòmi



Vizyon twoub



Enfeksyon oswa blesi geri pi dousman ke dabitid



Oswa ou ka pa gen okenn sentòm ditou.



GLIKOZ WO NAN SAN (IPÈGLISEMI)

Kisa pou ou fè pou glikoz wo nan san

Pi bon fason pou evite glikoz wo nan san se swiv plan swen dyabèt ou an:



SWIV

Pran medikaman w yo
jan yo endike



Swiv plan repa ou



Swiv plan aktivite fizik ou

Rele ekip swen dyabèt
ou si glikoz nan san ou
te pi wo pase objektif ou
pndan 3 jou epi ou pa
konnen poukisa.



RELE

Pi bon fason pou konnen si ou
gen glikoz wo nan san se tcheke
glikoz nan san ou regilyèman,
selon sa doktè w di w.



VERIFYE

Vizite **Cornerstones4Care.com** pou jwenn resous anplis ak pou
enskri nan yon pwogram sipò dyabèt GRATIS! Dirije kamera smatfòn ou
sou kòd QR lan pou jwenn aksè rapid ak sit entènèt la sou telefòn ou.

 Manje

 Bouje

 Trete

 Rete sou bon wout



Novo Nordisk Inc. akòde otorizasyon pou repwodui pyès sa a pou rezon edikatif san fè
pwofi sèlman akondisyon ke yo konsève pyès la nan fòm orijinal li epi ke avi dwadotè
a afiche. Novo Nordisk Inc. bay tèt li dwa pou anile otorizasyon sa a nenpòt ki lè.

Cornerstones4Care® se yon mak depoze Novo Nordisk A/S.

Novo Nordisk se yon mak depoze Novo Nordisk A/S.

© 2021 Novo Nordisk Enprime Ozetazini. US21PAT00147 Oktòb 2021

Cornerstones4Care.com

